



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI SANT EKSELANS FABRIKASYON SOLISYON ENÈJETIK RAYMOND CORPORATION AK TOYOTA MATERIAL HANDLING NAN KONTE BROOME

Fabrikan charyo elevatè ki gen renome mondyal la kòmanse operasyon nan enstalasyon elaji nan Vil Kirkwood; epi pran angajman pou kreye jiska 45 nouvo travay

Investisman kontinyèl Eta New York ak federal yo konplete "Southern Tier Soaring" - Estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an pandan y ap mete aksan sou endistri enèji estokaj avanse

Foto sant ekselans fabrikasyon solisyon enèjetik yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a fabrikan charyo elevatè ki gen renome mondyal, Raymond Corporation ak Toyota Material Handling, de konpayi nan Toyota Material Handling North America, ap devlope ofisyèlman operasyon yo nan Southern Tier. Raymond Corporation ap reyamenaje yon bilding ki egziste deja ki sitiye nan Corporate Drive nan Vil Kirkwood, pou etabli Sant Ekselans Fabrikasyon Solisyon Enèjetik la ki pral pèmèt Raymond ak konpayi prensipal li a devlope yon pòtfèy ki pi divèsifye nan solisyon enèjetik yo pandan demann endistri pou pwodwi elektrik la ap kontinye grandi. Nouvo enstalasyon an pral kontinye soutni prezans depi lontan li nan Eta New York ak gam pwodwi 'vèt' li yo gras ak asanblaj solisyon enèjetik avanse li yo, tankou pake batri lityòm-yon yo itilize nan charyo elevatè Raymond yo. Gras a ekspansyon sa a, Raymond Corporation pran angajman pou kreye jiska 45 nouvo travay. Konpayi a te kòmanse pwosesis pou renovasyon, ekipman ak eksplwatasyon nan enstalasyon sa a epi li prevwa pou li konplètman operasyonèl pandan ane 2025 lan. Anons sa a baze sou travay enpòtan ki fèt nan Eta New York ak Southern Tier nan endistri estokaj enèji ak batri avanse yo.

"Se atravè pwojè transfòmasyon tankou Sant Ekselans Fabrikasyon Solisyon Enèjetik Raymond Corporation ke nou asire nou rejyon Southern Tier, e an reyalye tout Eta New York, gen yon fabrikasyon ak inovasyon modèn," **Gouvènè Hochul deklare.** "Ansanm ak patnè federal nou yo n ap travay pou asire ke Eta New York ka lidè mondyal nan endistri inovasyon batri pwochen jenerasyon an."

Empire State Development ap ede konpayi an ak pwojè a lè li bay jiska 1 milyon dola atravè pwogram Kredi Enpo Excelsior Jobs ki baze sou pèfòmans lan. Pri total pwojè a te plase nan yon ti kras plis pase 15.6 milyon dola.

Fonde an 1922, siksè klas mondyal Raymond Corporation te kòmanse nan Vilaj Greene nan Konte Chenango nan rejyon Southern Tier New York kòm yon fondri. Pwodwi konpayi an evolye pou genyen ladan yo patant pou konsepsyon premye palèt an bwa doub-fas ak charyo palèt men idwolik Lòt avansman teknolojik yo enkli sistèm konplè jesyon flòt charyo elevatè iWAREHOUSE® li yo, epi an 2017, ki reflekte angajman li nan solisyon enèjetik altènativ, konpayi an lanse premye charyo elevatè li ki mache ak yon batri lityòm-yon. Anplis de sa, Raymond Corporation onore ak yon pakèt prim ak rekonesans ki soti nan Logistics Hall of Fame, IndustryWeek, National Association of Manufacturers ak lòt òganizasyon.

Michael Field, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Raymond Corporation, te deklare, "Gran ouvèti sa a make yon etap enpòtan nan pakou konpayi nou an. Men sa ki pi enpòtan, li reprezante angajman nou anvè alvni nan pote travay, kwasans ak opòtinite pou avansman kominote a ak endistri manitansyon, epi ofri kliyan nou yo solisyon enèjetik siperyè pou satisfè bezwen yo chak."

Josh Linnemann, Vis Prezidan Enjeniri Toyota Material Handling, te deklare, "Nou devwe pou nou alimante yon avni ki pi vèt, epi investisman estratejik sa a pral ede nou nan misyon sa a. Sa ki pi enpòtan, nou pran angajman pou fè tout sa ki nesesè pou rezoud pwoblèm evolutif kliyan nou yo. Sant Ekselans Fabrikasyon Solisyon Enèjetik yo pral pèmèt nou kreye anpil valè pou kliyan nou yo nan devlope ak pwodwi solisyon pou satisfè bezwen inik chak kliyan."

Pwojè sa a devlope plis sou devouman Gouvènè a pou sipòte efò enèji pwochen jenerasyon an. An janvyè, Gouvènè a te anonse ke Fondasyon Nasyonal Syans (National Science Foundation, NSF) Etazini te nonmen Motè estokaj New Energy New York (NENY) kòm yon Motè Inovasyon Rejyonal (Motè NSF) kòm yon pati nan investisman Prezidan Biden nan ajanda Etazini an. Motè Estokaj NENY an, ki ankre nan Binghamton University nan rejyon Southern Tier New York la, pral resevwa jiska 15 milyon dola pou dezan ak jiska 160 milyon dola sou 10 ane pou etabli yon sant ki pral akselere inovasyon, tradiksyon teknoloji ak kreyasyon yon mendèv ki kalifye pou ogmante kapasite endistri batri domestik la. Atravè Empire State Development, Eta New York pral koresponn jiska 20 pousan pou senk premye ane pwojè a epi li pral bay sipò atravè pwogram yo etabli yo. Yo te chwazi Motè Estokaj NENY an pou kowalisyon atravè divès sektè li yo ki pral bati yon ekosistèm prensipal ki mennen inovasyon teknoloji batri, devlopman mendèv ak fabrikasyon pou sipòte sekirite nasyonal Etazini ak konpetitivite mondyal.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Anplis operasyon Southern Tier li yo, Raymond Corporation ak Toyota Material Handling North America (TMHNA) etabli yon devlopman solisyon estokaj enèji avanse, pwototip ak sant tès nan Konte Monroe. Sant rechèch ak devlopman avanse a pral wè TMHNA kolabore avèk resous estokaj

enèji zòn Rochester pou soutni efò teknoloji solisyon enèji avanse li yo ak Toyota Industries yo, ki gen ladan lityòm-yion ak pil a konbistib. Raymond Corporation ak TMHNA anplwaye 2,600 travayè nan tout eta a."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Elaji ekonomi vèt Eta New York se yon gwo priyorite pou Gouvènè Kathy Hochul ak pou ESD. Nou fyè pou nou sipòte angajman Raymond Corporation pou kondwi aplikasyon enèji altènatif nan endistri fabrikasyon charyo elevatè yo e nou kontan dèske konpayi Southern Tier sa a ki gen syèk la ap kontinye kreye opòtinite ekonomik ak bon jan kalite travay nan tout rejyon an."

Jason Garnar, Chèf Egzekitif Konte a, te deklare, "Nou kontan akeyi ekspansyon Raymond Corporation nan Konte Broome epi nou rekonesan anvè yo pou angajman yo pran pou grandi isit la. Nouvo etablisman sa a pral pote travay ki gen anpil valè, teknoloji dènye kri, ak yon ogmantasyon enpòtan nan ekonomi lokal nou an. Desizyon Raymond pou elaji li nan kominote nou an montre yon gwo konfyans nan avni nou Mèsi a Gouvènè Hochul pou sipò li k ap kontinye nan fè kwasans sa a posib. Nou espere ede Raymond pwospere isit la pou ane k ap vini yo."

Lew Grubham, Sipèvizè Vil Kirkwood, te deklare, "Kirkwood akeyi Raymond Corporation nan bon gwoup biznis nou an ki gen ladan Frito Lay, Fed Ex, Willow Run, Masonite, Atkore ak anpil lòt. Nou kontan ke Raymond chwazi Kirkwood pral elaji epi nou kwè ke li pral yon chwa pozitif pou Raymond ak Kirkwood."

Konsènan Raymond Corporation

Raymond Corporation, yon manm nan fanmi Toyota Industries nan konpayi yo, se yon founisè mondyal prensipal nan pi bon pwodwi manitansyon materyèl klas mondyal ak solisyon entralojistik entèlijan. Bati sou prensip inovasyon ak amelyorasyon kontinyèl pou plis pase 100 ane, otomatizasyon entegre Raymond, telematik, reyalite vityèl ak solisyon enèji avanse bay fason pou optimize operasyon yo epi pote operasyon depo ak distribisyon nan yon nouvo nivo pèfòmans. Kamyon elevatè elektrik Raymond® yo fèt pou ogmante pwodiktivite ak efikasite epi pou bay benefis ekolojik ak ekonomik. Raymond founi solisyon nan mache manitansyon ak lojistik yo nan Amerik di Nò ak globalman Nan konbine ekselans operasyonèl, inovasyon ki genyen prim ak sipò kliyan klas mondyal, nou travay ansanm pou pi bon fonksyone, jere pi byen epi pèmèt kliyan nou yo toujou rete aktif. Pou plis enfòmasyon, ale sou raymondcorp.com epi suiv nou on [Facebook](https://www.facebook.com/raymondcorp), [YouTube](https://www.youtube.com/raymondcorp) epi [LinkedIn](https://www.linkedin.com/company/raymondcorp).

Konsènan Toyota Material Handling North America

Toyota Material Handling North America (TMHNA), lidè endistri nan vann charyo elevatè, gen ladan de gwoup konpayi prensipal: Toyota Material Handling, Inc. ak Raymond Corporation Youn nan twa charyo ki vann nan Amerik di Nò se swa yon pwodwi Toyota oswa Raymond. Avèk prèske 2.5 milyon pye kare nan espas fabrikasyon, TMHNA gen ladan senk lokal izin fabrikasyon: Columbus, Indiana; Greene, New York; Muscatine, Iowa; East Chicago, Indiana ak Oakville, Ontario, Kanada ki fabrike pwodui ki ale sou etajè ak plis pase 1,500 charyo pou chak semèn. Avèk yon

revni anyèl ki depase 4 milya dola, TMHNA gen plis pase 15,000 asosye ak plis pase 300 lokal konsesyonè pou sipòte kliyan Toyota ak Raymond atravè Amerik di Nò. Pou plis enfòmasyon konsènan TMHA, ale sou: <https://www.tmhna.com/>.

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konplete pwojè "Southern Tier Soaring", ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon pwochen jenerasyon an. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York la (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", ki se mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)